



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO MEZI POU KONBAT VARYANT DELTA COVID-19 LA

*Anonse plan pou nouvo egzijans pou tès chak semèn nan tout eta a pou pèsonèl lekòl ki pa vaksinen*

*Desantralize distribisyon enjekasyon siplemantè bay Depatman Sante Lokal yo, anonse 65 milyon dola ki disponib pou Depatman Sante Lokal yo pou sipòte efò sa yo*

*Eta a ap eksplòre manda vaksen an pou tout pèsonèl nan tout etablisman eta règleman yo*

*Nouvo mezi yo fonde sou plan global Gouvènè a pou ede asire yon retou nan lekòl yo ki san danje ak pwodiktif pou otòn sa a*

*Swiv enstriksyon sou mask inivèsèl nan tout lekòl yo [ki adopte](#) nan premye jou Gouvènè a nan Biwo ak 585 milyon dola pou pwogram tès nan lekòl apati 585 milyon dola nan fon federal*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo mezi pou konbat varyant Delta COVID-19 la epi te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat viris la.

Pandan li t ap pale nan Inivèsite nan Buffalo Jacobs School of Medicine, Gouvènè a te anonse li pral travay avèk lokalite yo, depatman sante eta a ak Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante nan jou ki gen pou vini yo pou mete anplas tès chak semèn obligatwa pou COVID-19 pou piblik ki pa vaksinen an ak anplwaye lekòl piblik endepandan yo epi pou etabli yon egzijans vaksinasyon pou tout anplwaye nan etablisman ak espas rasanbleman eta a règleman yo. Gouvènè a te anonse 65 milyon dola pral disponib pou depatman sante lokal yo nan eta a pou sipòte distribisyon rapid ak fyab enjekasyon siplemantè yo.

"Ane pase, chak kominote nan eta a te rasanble nan yon fason pwofon pou di 'nou kapab fè sa'", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gè sa a pa fini epi varyant Delta a se yon menas serye, espesyalman pou moun ki toujou pa vaksinen yo. Nou tout dwe rete vijilan pou pwoteje youn lòt - epi sa vle di vini pran enjekasyon ou ak enjekasyon siplemantè ou, mete mask nan espas fèmen yo epi aplike mezi sekirite debaz yo ke nou tout abitye ak yo deja".

Pèmèt timoun yo tounen lekòl kote yo kapab aprann yon fason pi efikas ak pwoteje elèv, pwofesè ak anplwaye yo se priyorite prensipal pou Gouvènè Hochul. Fonde sou direktiv sante depatman sante eta a ki egzije mask inivèsèl pou tout moun k ap antre lekòl, Gouvènè a pral travay avèk lokalite yo, depatman sante ak Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante nan jou k ap vini yo pou aplike yon tès COVID chak semèn obligatwa pou anplwaye lekòl ki pa vaksinen.

Aprè anons depatman sante a semèn pase a ke tout anplwaye nan etablisman swen sante yo dwe vaksinen, eta a ap eksplòre kijan li ka elaji egzijans sa a pou ajoute anplwaye nan etablisman eta a règleman yo.

Depatman sante lokal yo pral sipòte distribisyon enjeksyon siplemantè yo nan New York, k ap pèmèt yo itilize konesans ak mendèv yo pou livre byen vit enjeksyon siplemantè yo bay kominote yo a. Gouvènè a ap mete 65 milyon dola disponib pou Depatman Sante Lokal yo pou konstwi enfrastruktir pou efò sa yo.

#### **Kantite ka COVID-19 pou New York nan dat 30 out:**

- Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 95,579
- Total Pozitif - 3,789
- Pousantaj Pozitif - 3.96%
- Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 3.35%
- Kantite Pasyan Ki Entènè Lopital - 2,234 (+48)
- Kantite Pasyan ki Fèk Entènè - 232
- Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 484 (+16)
- Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 247 (+18)
- Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 192,839 (+185)
- Nouvo lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 22
- Kantite lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 43,573
- Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile - 55,602

#### **Done sou vaksinasyon COVID-19 pou New York nan dat 31 out, 11 a.m.:**

- Total dòz vaksen yo administre - 23,665,694
- Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 46,143
- Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 367,128
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 77.0%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 69.9%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 79.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 71.6%
- Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 64.9%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 58.5%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 67.3%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 60.0%

**Kantite ka COVID-19 pou Lwès New York nan dat 30 out:**

- Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 4,320
- Total Pozitif - 244
- Pousantaj Pozitif - 5.6%
- Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 4.11%
- Ospitalizasyon Pasyan - 135 (+8)
- Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 15 (+1)
- Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 39 (+2)
- Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 33 (+1)
- Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 9,233 (+6)
- Nouvo lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 2
- Kantite lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 2,586
- Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile - Pa Aplikab

**Done sou vaksinasyon COVID-19 pou Lwès New York nan dat 29 out:**

- Total dòz vaksen yo administre - 1,548,815
- Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 1,636
- Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 15,439
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 72.3%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 67.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 61.3%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 57.1%

Sonje CDC pa bay kantite pou Lwès New York oswa lòt rejyon pou domèn sa yo: 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen; 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo; Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen; Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)